



KESYON FANMI KI PALE PLIZYÈ LANG GENYEN SOUVAN

Edikasyon espesyal ak pitit ou

POU KÒMANSE

Kisa edikasyon espesyal ye ?

Edikasyon espesyal se yon sèvis gratis lekòl yo pwopoze pou elèv ki andikape. Li gen dwa gen ladan pwogram fòmasyon, terapi, sipò pou bon konpòtman oswa sipò nan domèn sosyal ak emosyonèl.

Èske sityasyon imigrasyon mwen an, oswa sityasyon pitit mwen an, gen yon efè sou sèvis edikasyon espesyal yo ?

Non. Pitit ou a elijib pou edikasyon espesyal, kèlkeswa sityasyon imigrasyon li genyen.

Pitit mwen an pa gen yon andikap fizik. Poukisa lekòl la di m li gen yon andikap ?

Difikilte aprantisaj yo pa vizib. Kondisyon sa yo gen rapò ak fason yon timoun aprann, li, ekri oswa prete atansyon. Elèv yo gen dwa oblige travay nan ti gwoup oswa itilize estrateji aprantisaj espesyal.

Kiyès nan lekòl la ki pral dirije pwosesis edikasyon espesyal ?

Chak lekòl diferan. Kèk lekòl gen yon ekip edikasyon espesyal, ki gen dwa enkli :

EDIKATE	WÒL
Pwofesè saldeklas	Prezante matyè nòmal pou ane eskolè elèv la ladan
Pwofesè edikasyon espesyal	Ansenye ak sipòte elèv ki gen andikap
Espesyalis lekti oswa pale	Bay sipò nan lekti oswa nan pale/ devlòpman lengwistik ann anglè
Pwofesè anglè kòm lang etranjè	Ede etidyan ki pale lòt lang aprann anglè
Pwofesè / espesyalis bileng	Bay fòmasyon ak sipò nan de (2) (oswa plis) lang
Entèprèt	Entèprete konvèrsasyon ant fanmi yo ak lekòl la



Kisa yon Plan edikasyon endividyèl (Individualized Education Plan, IEP) ye ?

Yon IEP se yon pwogram lekòl la ak fanmi an kreye ansanm. Li esplike :

- kòman pitit ou a ap pèfòme kounyeya, ki enkli pwen fò pitit ou genyen
- objektif ki fikse pou pitit ou a
- yon plan pou atèn objektif sa yo, tankou sèvis ak fasilitasyon nan saldeklas la
- kiyès ki pral founi sipò sa a (epi kilè y ap bay li)
- pwogrè pitit ou a fè depi nan kòmansman rive kounyeya.

Lekòl la pral fikse yon seri **reyinyon IEP** pou kreye plan sa a. Ou gen dwa a pou w ede yo fòmilè IEP pitit ou a, asiste chak reyinyon IEP ki genyen, fè yo esplike w dwa w yo anvan chak reyinyon, resevwa yon avi sou chak mizajou ki fèt, revize oswa chanje IEP a, epi poze kesyon nenpòt lè w ta genyen.

Èske pitit mwen an ka kite sèvis edikasyon espesyal yo ?

Wi. Sonje byen, edikasyon espesyal kapab ede elèv yo travay ak plis endependans. Reyinyon IEP yo se yon bon moman pou pataje kesyon ak enkyetid ou yo avèk lekòl la.

Pitit mwen gen pwoblèm pou l pèfòme byen lekòl la. Èske mwen kapab mande sèvis edikasyon espesyal ?

Ou ka mande lekòl la pou yo fè yon evalyasyon pou pitit ou a. Lekòl la gen dwa rekòmande sèvis edikasyon oswa lòt sèvis sipò pou pitit ou, konsa tou yo gen dwa pa rekòmande sa. Mande pwofesè pitit ou yo ki opsyon ou genye nenpòt lè w vle.

WÒL MWEN

Ki wòl mwen nan pwosesis sa a ?

Lekòl Ozetazini yo vle fanmi yo fè patenarya ak lekòl pitit yo a ! Se ou ki konnen pitit ou a pi byen. Pataje ide konsènan sa pitit ou renmen, pèsonalite li a, ak konpòtman l lan. Mande ide oswa èd si w bezwen sa.

Mwen pa dakò ak plan lekòl la. Kisa m dwe fè ?

Ou gen dwa pou w refize, chanje oswa kanpe sèvis edikasyon espesyal yo. Sepandan, li enpòtan pou konprann rekòmandasyon lekòl la ba w anvan w pran yon desizyon.

LANG

Kòman mwen kapab jwenn enfòmasyon nan lang pa m ?

Ou gen dwa pou w :

- resevwa **TOUT** enfòmasyon nan lang pa w
- gen yon entèprèt ki disponib pou w nan chak konvèrsasyon oswa reyinyon.

Kisa pou m fè si pitit mwen bezwen sèvis pou aprann anglè ak edikasyon espesyal ansanm ?

Pitit ou gen dwa pou l resevwa sèvis pou ede l aprann anglè, sèvis bileng, **AK** sèvis edikasyon espesyal. Se responsabilite lekòl la pou l ofri **TOUT** sèvis pitit ou a bezwen.

Pitit mwen ap aprann anglè toujou. Kòman nou kapab asire nou ke se edikasyon espesyal li bezwen toutbon vre ?

Pafwa li difisil pou konnen si yon timoun k ap aprann yon nouvo lang bezwen edikasyon espesyal vreman. Se sa k fè l vreman enpòtan pou gen yon oswa plizyè pwofesyonèl ki pale lang ou nan ekip la si posib. Yo ka evalye pitit ou nan lang pa w. Sa ba yo yon pi bon ide konsènan aprantisaj pitit ou. Si pitit ou gen pwoblèm pou l aprann nan lang pa w, souplè fè ekip la konnen sa.



Pou plis enfòmasyon, konsilte sit wèb...

ColorinColorado.org/families/special-education